

Rambai Muri Murudo rwaMwari (Chikamu 2)

Nyaya ino yakatorwa muchitsauko 19 chebhuku rinonzi *Bhaibheri Rinombodzidzisei Chaizvo?* rinowanikawo pajw.org.

CHINANGWA: Ongorora zvaunotenda uye kuti nei uchizvitenda, uye ongororawo kuti Bhaibheri rinodzidzisei, woona kuti ungatsanangurira sei vamwe zvaunotenda.



UNGAITA SEI KUTI URAMBE UCHIDA MWARI?

1 ONGORORA ZVAUNOTENDA

Vamwe vanhu vangatii?

Ko iwe unoti kudii?

Nei uchidaro?

Kudzidza tiri tega uye kunyengetera zvichaita kuti tiwedzere kuswedera pedyo naMwari.
(Ona chitsauko 19 chebhuku raBhaibheri Rinombodzidzisei Chaizvo?, pandima 10-14.)

Verenga Zvirevo 2:1-5; Johani 17:3; 1 Timoti 4:15.

Kudzidza uye kufungisisa zviri muShoko raMwari kunokubatsira sei?

Verenga Pisarema 62:8; 1 VaTesaronika 5:17.

Nei tichifanira kugara tichinyengetera?



Kana rasha riri pakati pemamwe rinoramba richipisa. Saizvozwowo, kana muKristu achinamata Mwari nevamwe vaKristu, kuda kwaanoita Mwari kunoramba kwakasimba

Jehovha anoda kuti tibatane nevamwe pakumunamata.

(Ona chitsauko 19 chebhuku raBhaibheri Rinombodzidzisei Chaizvo?, pandima 15-23.)

Verenga 2 Timoti 4:2; VaHebheru 10:24, 25.

Tinofanira kuona sei kuparidzira vamwe uye kuungana nevamwe tichinamata?

Verenga 1 Timoti 6:12.

Mwari anovimbisei vanhu vanoungana nevamwe vaKristu vachimunamata?

Kunamata nevamwe vaKristu kuri kukubatsira sei muupenyu *hwako*?

3

TSANANGURIRA VAMWE ZVAUNOTENDA

KANA MUMWE MUNHU AKATI...

Nyaya dzekunamata hadzisi dzekuti utaure nevamwe.

UNOGONA KUTI...

Vakawanda ndozvavanofungawo. Asi ini ndinofunga kuti vaKristu vanofanira kuudza vamwe zvavanotenda nekuti...

Ungamuverengera vhesi ipi?

Uchifunga nezvemaonero ake, ungamubatsira sei uchishandisa vhesi iyi kuti anzwisise nyaya yacho?

KANA MUMWE MUNHU AKATI...

Upenyu hahudzokororwe, saka wotonyatsoita zvese zvaunoda iye zvino usati wafa.

UNOGONA KUTI...

Ndinobvuma kuti tinofanira kukoshesa upenyu hwedu. Asi ndinotenda kuti kune humwe upenyu huchavako nekuti...

Ungamuverengera vhesi ipi?

Uchifunga nezvemaonero ake, ungamubatsira sei uchishandisa vhesi iyi kuti anzwisise nyaya yacho?
